



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI PRAL OFRI ÈD FEDERAL POU REZIDAN EPI BIZNIS YO KE MOVE TAN SOTI 8 POU RIVE 10 OUT 2024 LA TE AFEKTE

Pwopriyetè kay yo, rezidan yo ak biznis yo nan Konte Franklin ak St. Lawrence ka aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans epi responsab Konte yo te fè evalyasyon preliminè pou jwenn asistans pou zòn ki afekte yo apre evènman metewolojik la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a asistans federal la te disponib pou Nouyòkè yo nan konte Franklin ak St. Lawrence ke move tan soti 8 rive 10 out 2024 la te afekte. Pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak biznis yo kounye a elijib pou aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Etazini an pou ede nan rekiperasyon anba enpak tanpèt yo ki te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis yo.

"Administrasyon nou an te travay di pou asire kominote yo ki te afekte akòz move tan an nan mwa out ane sa a gen aksè a tout resous ki disponib yo bezwen pou rekonstwi ak retabli," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòk pa etranje a kondisyon move tan ekstrèm, men li vin twò komen, e mwen remèsye Administrasyon Biden-Harris ak patnè federal nou yo paske yo te bay rezidan yo ak pwopriyetè biznis nan Konte Franklin ak St. Lawrence asistans enpòtan sa a."

Pwopriyetè kay, rezidan ak biznis nan konte yo deklare yo elijib kounye a pou prè SBA yo. Prè SBA yo kapab trè itil pou pati ki elijib yo ki bezwen asistans finansyè pou yo pran wout rekiperasyon an apre dezast ki gen rapò ak move tan ak lòt ijans yo.

Deklarasyon sa a pral bay prè ki gen enterè ki ba pou repara/ranplase pwopriyete ki andomaje yo apre evènman an pou:

- Biznis oswa òganizasyon prive, san bi likratif jiska 2 milyon dola
- Pwopriyetè kay oswa lokatè yo jiska 100,000 dola (pou ede repara oswa ranplase pwopriyete pèsònèl yo)
- Pwopriyetè kay jiska 500,000 dola (pou repara oswa retabli kay prensipal yo nan kondisyon anvan katastwòf).

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta Nouyòk la, Jackie Bray, te deklare, "Finansman sa a pral ede sa yo ke move tan ekstrèm nan te afekte yo rekipere pèt ak domaj tanpèt la te lakoz. Gouvènè Hochul ak patnè federal nou yo te travay avèk dilijans pou ede jwenn finansman kominote sa yo merite pou rekonstwi e nou remèsye yo dèske yo te aji nan non Nouyòkè yo."

Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon, [telechaje aplikasyon yo, epi aplike sou entènèt isit la](#). Yo ka rele Sant Sèvis Kliyan SBA a tou nan (800) 659-2955 oswa voye yon imèl bay disastercustomerservice@sba.gov. Lokal pou asistans an pèsòn ak aplikasyon yo pral anonse nan jou ki ap vini yo.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 711 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo.

Dat limit pou revoye aplikasyon an pou domaj materyèl yo se 24 janvyè 2025. Dat limit pou revoye aplikasyon sou dega ekonomik yo se 25 out 2025.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, vizite NYSDHSES sou Facebook, X, Instagram, ak LinkedIn, epi vizite dhses.ny.gov by [klike sou lyen an isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)